



WOMEN'S
REFUGEE
COMMISSION

MOUN KI ANDIKAPE E REPOS IMANITÈ ANN AYITI

MESAJ ENPÒTAN AK ORYANTASYON POU AJI

KOMISYON FANM POU REFIJYE (Women's Refugee Commission)

Te gen apeprè 800 000¹ moun ki andikape ann Ayiti anvan tranbleman tè a, ikonpri 200 000 timoun.² 194 000³ – 250 000⁴ moun anplis te blese pandan tranbleman tè a, anpil nan yo ap andikape avi. Te gen omwens 2 000 moun yo fèk anpite.⁵

Souvan yo pa teni kont, neglije oswa blye moun ki andikape pandan aktivite sekou yo ak repons imanitè a. Se pou sa, li enpòtan pou founisè sèvis yo ki sòti nan tout sektè konsidere bezwen, preyokipasyon ak kapasite yo lè y ap elabore e aplike pwogram ak aktivite yo pou kapab pèmèt moun ki andikape jwenn aksè, pou yo ka entegre epi patisipe nètale.

Moun ki andikape yo pa t trete byen ann Ayiti anvan tranbleman tè a e souvan yo te mete yo sou kote e yo te estigmatize yo. Aktivite sekou e rekonstriksyon yo ba yon opòtinite pou korije neglijans ak diskriminasyon ki fèt anvan e ede moun ki andikape yo gen yon vi ki pi rich avèk plis diyite. Nou dwe elabore entèvansyon, nan tout sektè yo, ki pran ankont bezwen ak kapasite espesifik moun ki andikape yo ki kapab gen yon kokennchenn enpak sou amleyorasyon byennèt ak pwoteksyon yo.

Dokiman sa a endike demach sektè sekou imanitè a dwe pran (jeneral) ansanm ak tout moun ki aktif nan sektè sila yo : **pwoteksyon, refij, dlo ak enstalasyon sanitè, manje ak nitrisyon, atik ki pa manje, sèvis sante, edikasyon ak mwayen sibzistans.**

Jeneral

- Tout founisè sèvis yo ta dwe konsilte òganizasyon entènasyonal ak lokal pou pwoteksyon andikape yo ansanm ak moun ki andikape yo pandan evalyasyon e pandan planifikasyon pwogram yo pou asire yo pwogram yo pèmèt aksè e promouvwa entegrasyon moun ki andikape yo.
- Chak fwa li posib, founisè sèvis yo ta dwe kontakte Òganizasyon lokal ki okipe Moun ki andikape (DPO) pou asire yo pwogram yo pa blye bezwen moun ki andikape yo.
- Konsilte zouti ki deja egziste yo tankou Lis kontwòl andikap pou repons nan sityasyon ijans Handicap International la (Disability Checklist for Emergency Response) (www.handicap-international.de/fileadmin/redaktion/pdf/disability_checklist_booklet_01.pdf) ansanm ak Andikap pami refijye e popilasyon ki nan sityasyon konfli (Disabilities among Refugees and Conflict-Affected Populations: Resource Kit for Fieldworkers) Komisyon Fanm pou Rejifye a ekri, ki bay direktiv e fèy enstriksyon pou chak sektè (www.womensrefugeecommission.org/docs/disabilities/disab_kit.pdf).

Pwoteksyon

- Identifie, lokalize, anrejistre e kontwole moun ki andikape.
- Identifie risk pwoteksyon espesifik yo, ikonpri risk abi fizik e seksyèl, eksplwatasyon, neglijans e esklizyon moun ki andikape nan kominate a.
- Asire w pa gen diskriminasyon ki fèt lè y ap founi asistans dijans epi ankouraje entegrasyon moun ki andikape yo.



Abri

- Asire w ke abri tanporè yo aksesib e fasilité aksè moun ki andikape pou yo kapab jwenn dlo, ale nan twalèt e benefisyé sèvis yo.
- Mande moun ki andikape patisipe nan planifikasyon pou rekonstriksyon pou kapab amelyore aksè nan abri, lekòl, sant sante komunitè ak lòt etablisman publik.
- Aplike prensip « konsepsyon inivèsèl » pou estanda aksesibilite minimòm lè y ap fè plan pou konstwi abri e estriki komunitè yo. Konsèp inivèsèl vle di prodwi bilding, prodwi e anviwònman tout moun kapab itilize e ki efikas pou tout moun, pa sèlman pou moun ki andikape yo.

Dlo ak enstalasyon sanitè

- Entegre moun ki andikape yo, ikonpri fanm yo, nan desizyon konsènan anplasman latrin yo, fontèn ak zòn pou benyen yo nan kan tanporè ak abri yo.
- Bay moun ki andikape lapriyòrite pou fè lake devan fontèn yo.
- Asire w twalèt publik yo ak ponp dlo yo aksesib pou moun ki andikape pandan aktivite rekonstriksyon yo.

Manje ak nitrisyon

- Asire w moun ki andikape gen lapriyòrite pandan distribisyón manje yo e ke yo fè aranjman pou moun ki gen pwoblèm pou deplase pou yo kapab resevwa pwòp rasyon pa yo.
- Pran an kont bezwen nitrisyon ak pwoblèm dijesyon espesifik moun ki andikape yo nan kad pwogram pou asistans alimantè yo.
- Siveye sityasyon nitrisyonèl moun ki andikape yo.

Distribisyón atik ki pa manje

- Asire pwen distribisyón atik ki pa manje aksesib pou moun ki andikape yo.
- Bay moun ki andikape lapriyòrite pandan distribisyón atik ki pa manje yo.
- Kreye sistèm distribisyón mobil pou atenn moun ki pa kapab kite lakay yo oswa ki pa kapab deplase ditou.

Sèvis sante

- Asire moun ki andikape kapab jwenn aksè ki konplè e a egalite avèk lòt moun ki pa andikape yo nan sèvis sante ak repwodiksyon.
- Fòme e sensibilize doktè ak pèsonèl swen sante yo konsènan pwoblèm moun ki andikape yo.
- Asire w gen ase medikaman ki konvnab ki disponib, tretman espesyalize ak aparèy sipò e asire w pèsonèl sante a gen resous kote yo kapab voye moun yo ki bezwen plis asistans.

Edikasyon

- Pèmèt timoun ki andikape jwenn aksè nan lekòl tanporè e sa ki rekonstwi yo.
- Ankouraje edikasyon ki favorize integrasyon timoun ki andikape ki t ap swiv ansèyman nòmal nan lekòl ak salklas ki nòmal lè sa posib epi founi sèvis edikasyon espesyal pou rezoud bezwen edikasyon espesifik.
- Founi fòmasyon ak sipò awopriye bay pwofesè yo pou yo kapab genyen konpetans ki nesesè pou satisfè bezwen edikasyon timoun ki andikape yo.

Mwayen sibzistans

- Sèvi ak konpetans, eksperians ak ekspètiz moun ki andikape : pran yo kòm pèsonèl ki anchaj pwogram yo, entegre yo pami moun ki sèvi kòm resous nan kad pwojè yo e pran yo kòm patisipan nan pwogram yo.
- Entegre moun ki andikape nan fòmasyon pou akeri konpetans, jenere revni e pwojè anbòch, ikonpri pwojè travay ki peye avèk lajan kach e pwojè travay ki peye avèk manje.
- Bay moun ki andikape opòtinite pou benefisyé sibvansyon, prè ak pwogram epay.

Nòt

1 JFActivist: Haitians with Disabilities Suffering After Quake, www.jgactivist.typepad.com; 26 janvye 2010.

2 Estimasyon Nasyon InI jan yo te rapòte li sou BBC, 4 desanm 2009; http://news.bbc.co.uk/today/hi/today/news_id_8393000/8393135.stm.

3 Fèy enfòmasyon USAID nimewo 13, 25 janvye 2010.

4 Estimasyon Nasyon InI 20 janvye 2010. www.3news.co.nz/UN-estimates-250000-injured-in-Haiti-quake/tabid/417/articleID/138090/Default.aspx.

5 Wèbsayt Handicap International, 27 janvye 2010. www.handicap-international.us.